

## **Glokòm**

1. Domaj GLOKOM nan li akimile, jodi a domaj lan paret nan je nou nan pandan mwa ak ane pita yo.
2. Glokòm pran vizyon periferik la an premye se sak fe pasyan yo pa remake sa, jouk vizyon santral la ale. Ou ka legalman avèg nan glokòm epi ou toujou wè 20 sou 20.
3. Glokòm pap grate ou, li pap ba ou je sèk, oswa doulè. Nan pi fò nan ka yo. Men, si ou pa tcheke pou li ou pap ka konnen si ou genyen li. Mete linèt san ou pa fe yon egzamen je pap janm fe ou konnen si ou gen glokòm.
4. Pa gen okenn nimewo majik pou presyon nan yon bon je, (tankou ak sik nan san ou, oswa tension san ou) nan je ou sa ki pi inpotan se diminye presyon je a pi ba ou omwen 33% depi lè domaj lan te kòmanse. Si gen anpil domaj oswa si kouch ki kouvri pati blan je a li fin, presyon je yo pral pi ba pase yon moun ki gen yon kouch ki epè, e lap gen mwens domaj.
5. Vini avek tout medikaman nou chak fwa nou pwal we Doktè nou. pa blye prezante avèk tout boutèy medikaman yo lap pi fasil pou sonje tout chanjman ki fet nan non medikaman yo, si ou genyen yo nan moman vizit la.
6. Doktè a vle wè presyon je a, ak gout medikaman ou itilize pandan ou vini nan klinik la.
7. Gout medikaman travay nan je a sèlman nan moman ou metel nan je ou, sa ou te mete nan je ou yè a, li pap redwi presyon je a jodi a. Gen kèk medikaman ki travay chak 24 èdtan e kèk lot travay chak 12 a 8 èdtan. Eseye fe tout sa ki posib pou ou kenbe presyon je ou ba pandan lajounen e lannwit tou.
8. Tann 5 minit pou chak gout medikaman yo, menm si ou gen dlo nan je ou, konsa ou pap delye sa ki konpoze medikaman yo.
9. Pou medikaman an travay ou bezwen lagel anndan je ou, pa nan po je ou, epi pa bouldèse je ou. Mande yon moun ède ou sil difisil pou ou mete medikaman an. Lap pi fasil pou yon lòt moun mete gout medikaman yo, ke ou mete yo pou tèt ou. Mande doktè a pou montre ou kòman pou ou ka itilize gout medikaman yo si ou santi ou pa ka fel korètteman.